

Glade View Elementary

Reyinyon Anyèl Tit I

Yon prezantasyon an Kolaborasyon
avèk Pwogram Depatman Federal ak
Leta ak Lekòl Title I yo



Objektif Reyinyon an



- Lwa pou Chak Elèv Reyisi a (Yon lwa federal) mande lekòl Tit I yo pou fè yon Reyinyon Anyèl pou eksplike epi diskite pwogram Tit I lekòl yo, dwa paran, ak lòt obligasyon lekòl yo.



- Yo ankouraje fanmi yo pou poze kesyon epi bay sijesyon pou amelyore pwogram Tit I lekòl yo.

Kisa Tit I an ye?

Tit I an fè pati yon lwa federal ki bay lekòl li seleksyone yo lajan pou:

- ede satisfè bezwen ak objektif edikatif elèv,
- ofri estaf yo fòmasyon pwofesyonèl, epi
- Sipòte asosyasyon ant lekòl ak paran.



Kijan yon lekòl kapab vin Tit I?



- Kondisyon Elijiblite pou Ane Akademik 2023-2024
 - Distri a analize done sou revni yo (Repas gratis ak pri redui (FRPL), Sètifikasyon Dirèk (Direct Certification))
 - Distri a fikse kondisyon kalifikasyon yo dapre lwa federal ak lwa Eta a:
 - 70% pou primè, mwayen ak lekòl yo konbine
 - 67% pou lekòl segondè



Sa sa vle Di pou Lekòl nou yo?

- Plis fon pou sipòte elèv, pwofesè ak fanmi!
 - Fon sa yo depase lontan sa Distri a ofri.
 - Fon yo konsantre sou ansèyman elèv, devlopman pwofesyonèl pou pwofesè nou yo, ak aktivite pou ranfòse asosyasyon nou ak fanmi yo.




Kisa sa vle Di pou Lekòl nou yo?

- Dwa pou Paran ak Fanmi yo enfòmè ak patisipe nan
 - Reyinyon Anyèl Tit I
 - Komite pou pran Desizyon (Reyinyon pou Pati Enterese yo fè kòmantè)
 - Dwa pou paran patisipe
 - Plan Angajman pou Paran ak Fanmi*
 - Kontra ant Lekòl - Paran*
 - Avi sou Dwa pou paran Konnen (*Right-to-Know*)*
 - Sondaj



Pwogram Tit I nan Tout Lekòl la

- Tout elèv benefisyè
- Tout pwofesè benefisyè
- Tout fanmi benefisyè




Plan pou Tout Lekòl nou an (SWP)



Rezime SWP lekòl la

- Evalyasyon Bezwen Global (Comprehensive Needs Assessment)
- Rezilta yo Prevwa (Expected Outcomes)
- Aktivite pou sipòte Bezwen (Activities to Support Needs)
- Plan Angajman Paran ak Fanmi (Parent and Family Engagement Plan (PFEP))
- Eleman Naratif (Narrative Components)

Montre pwogramTit I w nan!



Pwen Santral Tit I

Pou satisfè rezilta nou prevwa yo, n ap itilize fon Tit I ane sa a pou sa ki anba yo:

- Enstriksyon nan Klas

- Djòb Pwofesè (yo)

Diskite travay yo fè ki enflyanse ranman elèv

- Opòtinite pou pwolonje aprantisaj

Diskite pwosedi ak orè pou leson patikilye

- Teknoloji ak founiti

Pouki rezon epi ki enpak sa genyen sou ranman elèv?



Pwen Santral Tit I

Pou satisfè rezilta nou prevwa yo, n ap itilize fon Tit I ane sa a pou sa ki anba yo:

- Patisipasyon Paran-Fanmi

- Seminè Fòmasyon pou Paran-Fanmi

Kòman lekòl la pral amelyore kominikasyon ant lekòl ak lakay?

Nan ki diferan fòmasyon akademik paran ak fanmi kapab patisipe?

- Devlopman Pwofesyonèl

- Pozisyon Antrenè Pedagojik(yo)

Diskite travay yo fè pou enflyanse ansèyman nan klas pou amelyore ranman elèv



Angajman Fanmi ak Paran

Rechèch montre lè paran ak manm fanmi angaje nan edikasyon, li pi fasil pou elèv yo:

- fè pi bon nòt
- bay pi bon rannman nan tès
- prezan lekòl
- adapte ak chanjman
- gen pi bon aptitud sosyal
- pase pou lòt klas
- gradye
- kontinye edikasyon yo apre lekòl segondè



Plan Angajman Paran & Fanmi

- Abreje PFEP
- Dekri kòman nou enplike fanmi nan edikasyon elèv
- Redije avèk kontribisyon fanmi ak estaf pandan reyinyon pou jwenn opinyon moun ki enterese yo
- Pataje lè gen reyinyon SAC pou revize si sa nesesè
- Yo voye rezime PFEP lakay pou tout fanmi



Plan Angajman Paran & Fanmi

- Deklarasyon misyon pou angajman paran
- Kòman nou travay avèk paran, fanmi ak kominote pou amelyore ranman elèv
- Kòman nou prepare pwofesè pou travay ak fanmi
- Kòman nou sipòte paran pou ede pitit li(yo) lakay
- Kòman nou pataje enfòmasyon enpòtan



Seminè Fòmasyon pou Paran

Annakò avèk Plan Angajman Paran ak Fanmi, nou ta renmen envite w vin patisipe nan fòmasyon nan dat ki anba yo:

- SIS Training#1
- Benchmark Training #2
- Technology Training #3



Kontra ant Paran ak Lekòl la

- Chak lekòl Tit I dwe genyen yon Kontra ant Paran ak Lekòl la, men se paran, manm fanmi ak pèsonèl lekòl la ki pou ekri l.
- Kontra ant Paran ak Lekòl la defini responsablite elèv, paran, manm fanmi ak estaf lekòl la nan fè efò pou ogmante ranman elèv la.



Kontra ant Paran ak Lekòl la


- Revizyon Kontra ant Paran ak Lekòl pou ane 2024
- Sijesyon pou Kontra ane pwochèn nan
- Kesyon



Dwa Paran pou Konnen

Fanmi yo gen dwa pou poze kesyon:

- Sou kalifikasyon pwofesyonèl pwofesè pitit yo;
ak
- si yon moun ki pa pwofesè ap anseye pitit yo, nan ka sa a,
kalifikasyon pwofesyonèl li.



Dwa Paran pou Konnen

Yo dwe enfòmè fanmi yo:

- si yon pwofesè gen kat semèn oswa plis l ap anseye pitit yo san li pa satisfè kondisyon pou l anseye nivo klas oswa matyè l ap anseye a; ak
- kòman pitit yo degaje yo nan egzamen leta tankou FSA, EOCs, ak SSA.



Pwogram Edikasyon Migran (MEP)

Bi Pwogram Edikasyon Migran an se pou ede tout elèv migran yo rive leve tout defi yo ka rankontre nan aktivite akademik yo, yon fason pou yo kapab gradye avek yon diplòm segondè (oswa pase pwogram GED) kap ede yo gen bon jan edikasyon kap prepare yo vin yon sitwayen responsab, gide yo nan sa yo pral aprann, ak rive fè siksè nan travay yo.



Pwogram Edikasyon Migran



Asire bezwen elèv migran yo satisfè e pou ede yo simonte:

- entèripsyon nan lekòl
- baryè kiltirèl ak lang
- izole tèt ou yon kote apa
- Manke resous sante
- tranzisyon pou kolèj osinon al travay apre lekòl segondè

Pou amelyore opòtinite edikasyonèl elèv migran yo nan ede yo:

- Sèvis akademik/sosyal siplemantè pou elèv yo ak fanmi yo
- Tranzisyon nan nouvo lekòl (yo)
- satisfè kontni akademik eta/distri ki difisil yo
- gradye nan lekòl segondè

Premye etap se jwenn tout elèv migran yo

- Entèvyou yo fèt an pèsòn pa yon Rekritè MEP ki resevwa fòmasyon pou itilize kondisyon kalifikasyon Federal ak Eta
- Enfòmasyon pou Kontakte Pwogram nan:
Jorge Echegaray
Manadjè, Migrant Education Program
Depatman Edikasyon Miltikiltirèl
Jorge.Echegaray@palmbeachschools.org
(561) 202-0356



Elèv K ap Fè Eksperyans Sanzabri Tout Elèv Genyen Dwa pou Jwenn Edikasyon

Ekip *McKinney-Vento Homeless Education Program (MVP)* kapab ede fanmi k ap viv:

- nan yonabri, motèl, machin, oswa sou teren kanpman;
- nan la ri;
- nan kay abandone oswa kay ki delabre;
- nan motèl/otèl; oswa
- abite tanporèman ak fanmi oswa zanmi akòz yon difikilte



Elèv K ap Fè Eksperyans Sanzabri

Tout lekòl genyen yon Moun ki se Kontak *McKinney -Vento & Jesyonè Ka nan McKinney-Vento Homeless Education Program (MVP)*, k ap travay avèk fanmi pou:

- bay lekòl founiti klasik, inifòm, sèvis adisyonèl ak manje gratis nan lekòl;
- òganize transpò pou ale lekòl kote yo soti a epi retounen lakay;
- jwenn sipò ak resous kominotè;
- deside ki lekòl ki ta pi bon pou timoun nan;
- kominike avèk lekòl la;
- ak plis toujou.



Elèv K ap Fè Eksperyans Sanzabri

Enfòmasyon pou Kontakte MVP

Kontakte pwogram *McKinney-Vento Homeless Education Program (MVP)* oswa w ta renmen ranpli yon Kesyonè sou Lojman pou Elèv

- (561) 350-0778
- MVPhomeless@palmbeachschools.org



Konklizyon

- Opòtinite pou paran poze kesyon ak bay opinyon
- Konplete evalyasyon

Mèsi pou prezans, patisipasyon ak opinyon w.

Nou espere w pase yon bòn ane akademik!

